

# BAB 1 BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hirup kumbuhna karya sastra henteu leupas tina kahirupan sapopoé. Isnéndés (2010, kc. 10) nétélakeun, yén karya sastra biasana nyaritakeun ngeunaan hasil pangalaman sarta imajinasi ti pangarangna. Éta hal ditandeskeun ku Yanti (2015, kc. 1), yén karya sastra mangrupa hasil karya manusa tina imajinasina nu aya dina diri pangarangna sorangan.

Karya sastra téh mibanda tilu wangun, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Novel kaasup kana karya sastra prosa. Novel bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi.

Salasahiji wangun prosa Sunda nyaéta novel, anu dikarang ku Yoséph Iskandar. Karya-karya Yoséph Iskandar dina wangun novel téh di antarana novel *Prabu Anom Jayadéwata* anu eusina ngadéskripsikeun ngeunaan sajarah karajaan Sunda. Novel anu disusun ku Yoséph Iskandar téh aya salapan nyaéta novel *Perang Bubat* (1988), *Wastu Kancana* (1989), *Prabu Wangisutah* (1991), *Tanjeur na Juritan*, *Jaya di Buana* (1991), *Pamanahrasa* (1991), *Putri Subanglarang* (1991), *Prabu Anom Jayadéwata* (1996), *Tri Tangtu di Bumi* (1996), jeung *Ajar Kutamangu* (1996). Tina sajumlah éta novel téh, di antarana aya sababaraha novel nu meunang hadiah Sastra Rancagé nyaéta anu judulna *Tanjeur na Juritan*, *Jaya di Buana* (1992), sedengkeun dina taun 1997 Yoséph Iskandar tina novel sajarah nu judul *Tri Tangtu di Bumi* meunang deui hadiah Sastra Rancagé.

Novel *Prabu Anom Jayadéwata* téh aya anu patalina jeung ajén-ajén kahirupan manusa dina jamanna, salasahijina nyaéta ajén kaagamaan. Ajén kaagamaan biasana dina eusina nyangkaruk ajén-inajén kaagamaan nu aya di masarakat, saperti ahlak ka ibu-bapa sangkan leuwih nyaah deui ku cara nurut kana paréntahna. Nurutkeun Razak (1993 kc. 60) agama nyaéta kapercayaan ka Nu Mahasuci jeung aturan-aturan ibadahna. Sacara gembheng, agama téh nyaéta percaya kana ayana kakuatan kodrat anu Maha Ngaraksa, anu Ngawasa, anu Nyiptakeun jeung nempo alam semesta anu geus dipaparinkeun ka manusa. Dina agama, tangtu aya ajén kaagamaan. Nurutkeun Razak (1993, kc. 35) ajén kaagamaan téh dibagi jadi tilu

bagéan, nyaéta Ahlak, Tauhid, jeung Ibadah. Éta ajén-ajén bisa dilarapkeun atawa bisa digunakeun minangka hiji péso anu dipaké ngaguar karya sastra. Salasahijina digunakeun dina ieu panalungtikan kana karya sastra novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar.

Dina kurikulum 2013 revisi 2017 jenjang SMP/MTS dan SMA/SMK/MA/MAK aya di kelas XI (tingkat SMA) semester dua ngeunaan Kompetensi Dasar 3.6 nu eusina pikeun *menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan novel*. Éta hal bisa nunjukkeun yén siswa SMA téh geus diajar kana karya sastra nyaéta wangun novel. Ku kituna, salasahiji cara pikeun siswa SMA apal kana novel téh nyaéta ku ayana program pangajaran maca. Patalina pikeun ngamekarkeun pangajaran maca ka siswa, pangajaran maca téh kalungguhana kawilang utama.

Panalungtikan saméméhna nu jadi instrurasi kana ieu panalungtikan téh, nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Tita Latifah (2009) nu medar ngeunaan “Ajén Kaagamaan Dina Novel *Masyitoh* Karangan Ajip Rosidi pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA”. Hasil tina éta panalungtikan téh medar ngeunaan ayana ajén kaagamaan, dijeronan neuleuman kana aqidah. Lian éta panalungtikan anu dilakukeunku Yedi Sudrajat (2016) nu judulna “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulikan Filologi)” anu medar ngeunaan ajén kaagamaan dumasar kana dasar-dasar agama Islam.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Ai Sadiyah (2006) anu medar ngeunaan “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Syéh Abdul Kodir Jaélani”. Lian ti éta panalungtikan anu dilakukeun ku Anisa Yunidawati (2018) nu judulna “Naskah Wawacan Babad Salira: Transliterasi, Purwakanti, jeung Ajén Kaagamaan”. Hasil tina éta panalungtikan téh medar ngeunaan ajén kaagamaan anu ngaguar kana aqidah, ahlak, syari’ah jeung ibadah. Sasaruan ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Tita Latifah (2009), Anisa Yunidawati (2018), jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Ai Sadiyah (2006) nyaéta sarua medar ngeunaan ajén-inajén anu aya dina karya sastra novel jeung dina karya sastra wawacan. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu saméméhna nyaéta tina karya sastra anu ditalungtikna.

Pentingna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho ajén kaagamaan nu aya dina novel utamina novel Sunda saperti novel karya Yoséph Iskandar nu eusina ngeunaan sajarah karajaan Sunda. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh ka masarakat utamana masarakat Sunda pikeun ningkatkeun deui ajén kaagamaanana di kahirupan sapopoé. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Ajén Kaagamaan dina Novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA (Ulikan Struktural)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya tilu pasualan nu patali jeung ieu panalungtikan. Anapon éta pasualan téh bisa dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar?
- 2) Ajén kaagamaan naon waé nu aya dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun jeung nambahan kajian dina widang sastra ngeunaan ulikan struktural, jeung medar ngeunaan ajén kaagamaan dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun medar jeung maluruh ngeunaan:

- a. Struktur novel *Prabu Anom Jayadéwata*
- b. Ajén kaagamaan dina novel *Prabu Anom Jayadéwata*
- c. Larapna novel *Prabu Anom Jayadéwata* dijadikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat tioritis, kayaning ieu di handap.

- 1) Ieu panalungtikan bisa mekarkeun pangaweruh dina widang sastra Sunda utamana dina ulikan struktural.
- 2) Pikeun ngeuyeuban paélmaan dina widang sastra ku cara medar ajén kaagamaan nu nyamuni dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* Karya Yoséph Iskandar.
- 3) Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan pangajaran dina ngaaprésiasi karya sastra utamana dina maca novel.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa miboga mangpaat, nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik, ngajembaran bahan ajar jeung pangalaman dina prosés panalungtikan sastra utamana dina karya sastra wangun novel.
- 2) Pikeun masarakat atawa pamaca, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar. Lian ti éta, bisa ngaronjatkeun kahayang jeung karesep masarakat kana maca karya sastra hususna novel.
- 3) Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel.

## 1.5 Raraga Tulisan

Bab I, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Lian ti éta, dina ieu Bab I ogé dipedar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II, eusina ngeunaan ulikan tiori, anu ngawengku sastra, novel, struktural, ajén kaagamaan, jeung bahan pangajaran maca novel di SMA.

Bab III, eusina ngeunaan métode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, téhnik ngolah data, sumber data panalungtikan.

Bab IV, eusina medar hasil jeung pedaran tina panalungtikan, di antarana waé pedaran ngeunaan struktur novel, ajén kaagamaan jeung bahan pangajaran maca novel di SMA.

Bab V, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun bahan panalungtikan séjénna, jeung implikasi.